

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 67
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email:journalndongozi@gmail.com

Facebook :Journal ndongozi y'uburundi Rusizi ramarembe; Twitter: Ndongozi y'Ubundu

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Ubundu.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza »
In 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°752 01 Gitugutu 2021

Urugendo rwa Papa Fransisko mu bihugu vya Hongrie na Slovaquie



Anafoto ypmu bubiko

Kuva ku wa 12 Nyakanga 2021 gushika ku wa 15 Nyakanga, Nyenubweranda Papa Fransisko yari mu rugendo rugira urwa 34 mu bihugu vya Hongrie na Slovaquie ku mugabane wa Buraya.

Urwo rugendo rwari rufise intumbero yo gusenga.

Mu gihugu ca Hongrie, papa Fransisko yahashitse ku munsi w'Imana igeneke-

rezo rya 12, isaha imwe n'iminota 42 yo mugatondo. Ku kibuga c'indege, yakiriwe n'uwumuserukira muri ico gihugu Musenyeri Michael A. Blume, Karadinal Peter Erdo Umwungere mukuru wa Diyoseze nkuru y'Esztergom Budapest, uwuserukira ico gihugu i Roma hamwe n'icegera ca mbere c'umushikiranji wa mbere muri Hongrie.

Soma ku Rup. 3

Evarisito Ndayishimiye, Umukuru w'igihugu c'Ubundu, ni umugenzi w'urwaruka(Ibikurikira)



Foto : Mélance Ndayikeze

Soma ku Rup. 5

Ibirimwo

- o Yubile y'imyaka 100 y'Umuhari wa Lejiyo ya Mariya kw'isi.....4
- o Twemere akabi twakoze, dusabane ikigongwe kandi turekuriranire.5

- o Gukingira ibidukikije ni igikorwa c'Umurundi wese.....7
- o Duhaguruke tugwanye akarenganyo, duharanire amahoro arama.....9

Idominika ya mirongo ibiri n'indwi, Umwaka B

Igisomwa ca mbere : Amamuko: 2, 18-24

Ivyo dusoma mu gitabu c'Amamuko:

(*Bazocika umubiri umwe*)

Mu ntango y'ireme, Umukama yavuze ati : « Nti-bikwiye ko umuntu aguma ari wenyene, nzomu-ronderera umugenzi bakwiranye. » Umukama arongera kubumbabumba ibikoko vyose vyo mw'is-hamba n'inioni zose zo mu kirere, hanyuma abiza-nira umuntu ngo arabe uko avyita : kimwe kimwe cose catgegerezwa kugumya izina cahawe n'umuntu. Umuntu rero arakwiragiza amazina ibikoko vyose, inyonzi zo mu kirere n'ibitungwa vya mu mirima ; mugabo nta mugenzi bakwiranye yasanzemwo.

Umukama rero arungikira umuntu itiro ryinshi, arasinzira. Amukuramwo igufa rimwe ry'urubavu, mu nyuma arateranya aho ryavuye. Umukama afata rero rya gufa yakuye mu rubavu rw'umuntu, arikoramwo umugore, hanyuma amuzanira nya muntu. Uno rero aca ashira ijwi hejuru ati : « Ubuho rero, uyu ni igufa ry'amagufa yanje, kandi ni umu-biri w'umubiri wanje. Azokwitwa umugore, kuko ya-vuye mu mugabo. » Nico gituma umugabo azoheba se na nyina, akunga ubumwe n'umugore, bagacika umubiri umwe.

Igisomwa ca kabiri : Abaheburayo: 2,9-11

Ivyo dusoma mw'ikete ryandikiwe Abaheburayo:

(*Yezu ni Umucunguzi akaba n'umuvukanyi*)

Benewacu: Yezu yashizwe umwanya mutoyi munsi y'abamarayika, ubu noneho, kubera amagorwa y'urupfu rwiwe, tubona ko yambitswe urugori rw'ubuninahazwa rumutera icubahiro, kugira ngo inema y'Imana imutume arogorera umuntu wese urupfu. Nkako, Uwiremeye vyose akabibeshaho, kuko ashaka kujana abana benshi mu buninahazwa, birabereye ko yotungisha amagorwa indongozi y'ubukiriro bwabo ; kuko uwutagatifuza n'abatagatifuzwa bamuka bose kuri umwe. Nico gituma adatinya kubita benewabo.

Inkuru nziza: Mariko : 10,2-16

Alleluya, Alleluya.

- *Dukundanye, Imana iratugumamwo, n'urukundo rwayo rukaba rurangukiye muri twebwe.*

Alleluya.

Ivyo dusoma mu Nkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Mariko :

(*Ntihagire umuntu azotandukanya ico Imana yifatanirije*)

Umunsi umwe, abafarizayo baregeree Yezu, baramubaza mu kumugeza, ko vyarekuwe ko umugabo yirukana umugore wiwe. Arabishura rero ati: "Musa yabategetse iki?" Na bo bati: "Musa yarekuye kwirukana umugore, ariko ukamuha ikete ryemeza ko yirukanywe." Yezu arabishura ati: "Iryo bwirizwa yarishinze kubera ukutagondwa kwanyu. Ariko mu ntango y'irema, Imana yaremye umugabo n'umugore. Nico gituma umugabo azoheba se na nyina akunga ubumwe n'umugore wiwe, bompi bakaba umwe musa. Ntibakiri babiri rero, bacitse umwe. Ntihagire umuntu azotandukanya ico Imana yifatanirije!"

Bashitse imuhira, abigishwa biwe bongera kumuba-za iringo jambo. Nawe arababwira ati: "Uwirukanye umugore wiwe akabira uwundi, yagirizwa ubusambanyi. N'umugore avanye n'umugabo wiwe, akaja ku wundi, na wenyene yagirizwa ubusambanyi."

**SOMA NDONGOZI
ANDIKIRA NDONGOZI
KUNDISHA NDONGOZI
TERERA NDONGOZI**

Ukwezi kwa Gitugutu, ukwezi kw'i Rozari

Muri Ekleziya Katolika, ukwezi kw'icumi ni ukwezi kwahariwe igisabisho c'i Rozari aho dutangarira ubuzima bwa Yezu Kristu mu vyibukiro bigize i Rozari ; tukongera tugasubiramwo indamutso y'Umumalayika Gabriel n'amajambo Elisabeth yakoresheje mu



kuramutsa Bikira Mari-ya.

Aberanda binjiye, bakan-yengeterwa n'ico gisabisho nka Dominiko mwe-randa, Ludoviko Mariya w'i Montfort, Bonaventure Mweranda, Yohani Paulo wa II mweranda n'abandi baratubarira

ko ico gisabisho gikiza imitima kigatsinda n'u-mwansi shetani.

Turahamagariwe rero gu-kunda no kuvuga i Rozari ngo dukize imitima yacu n'iyabandi.

Urugendo rwa Papa Fransisko mu bihugu via Hongrie na Slovaquie

(Bitangurira ku rup.1)

Muri ako gatondo, papa Fransisiko yaciye aja kubonana n'umukuru w'igi-hugu ca Hongrie Janos Ader, umushikiranganji wa mbere Viktor Orban arikumwe n'icegera ciwe ca mbere. Muri uwo mubonano bihweje aka-maro Ekleziya Katolika imariye ico gihugu, uruhara mu gukingira ibidukikije hamwe n'uguha agaciro imiryango no kuyikingira.

Inyuma yuwo mubonano, Nyenubweranda yaciye aha umubonano Abunge-re b'Ekleziya Katolika bo muri Hongrie igihe c'isaha zitatu n'igice z'agatondo. Muri ico kiganiro Papa yahamagariye Abungere:

- Kudahanga amaso kazoza bibagiye kahise: Ati: « Muri Hongrie kubera intwaro y'igikominista, Ekleziya ntiyari yorohewe, harabaye benshi basesa amaraso yabo kukwanka guhemukira ukwemera kwabo ». Abatumirira kugana kazoza bafise icifuzo co gushingira intahe Kristu no kugendera urukundo.

- Umwitwarariko wo kumenyesha inkuru nziza: kuba ivyabona vy'inkuru nziza no kuyigendera, kurangwa n'akanyamuneza no kugaha abandi, kuba hafi y'abasaserediti n'abihebeyimana barangwa n'umutima kivyezi nivyo Papa yahamagariye abo Bungere.

Abibutsa ko bahamagariwe gusumba kwegera Imana mu gisabisho, kugiranira umwitwa-



rariko hagati yabo mu kubagarira ubumwe butegerezwa kubaranga, kwegera abasaserediti mu kubitaho n'umutima kivyezi no kwegera igihugu c'Imana bahamagariwe kubera Abungere.

- Akaranga k'Ekleziya ko kwakira neza abantu: Papa yabasavye kuba ivyabona vy'umuvukano muri ico gihugu kibamwo abadasangyiye ubwoko, abadasangyiye imico, inkehwa, amadini hamwe n'inyambukira.

Ivyo vyose vyotumye abantu biyugarana muvyo bita akaranga kabo. Nico gituma bahamagarirwa kwerekana ako karanga nyako k'Ekleziya, umuyeyezi yakira bose.

- Umuco ubonesha mu ngorane: muguheraheza yasavye abo bungere kuhagabira mu kubakira ku mwizeru, mu kwisha ikigongwe c'Imana yo ikunda abayo mu bihe vyose.

Inyuma y'uwo mubonano, Papa yaciye aja gusoma imisa iheraheza ihwa-

niro mpuzamakungu ry-Ukaristiya rigira irya 52 ari naco catumye Papa Fransisiko agendera ico gihugu. Mu nsiguro, yasavye abari bitavye iryo hwaniro kutagarukira gusa ku kwiwenza Yezu m'Ukaristiya, ariko bagashika ku rugero rwo kumwigana. Ukwo kumwigana bakagushikira baciye ku ntambwe zittatu.

• Kumenyesha Yezu Kristu:

Papa ati: « Tumenyesha Yezu yabambwe, agapfa, agahambwa hanyuma akizura mu bapfuye. Yezu yemeye kwigira muto muri Ukaristiya, umukate bamanyura, bagatanga hanyuma bagafungura. Uwemeye kwigira umusuku ngo adukiza, akemera gupfa kugira aduhe ubuzima.

• Ugutohoza hamwe na Yezu:

Imbere y'umusalaba turahagirira indwano yimbere mu mutima. Tukiyumvira nkuko Imana ishaka, ariko kandi tukiyumvira nk'umuntu.

Ukwiyumvira nk'uko Imana ishaka, ni uko gushikana ku rukundo ruciye bugufi. Ijwi ry'Imana rishikana iminsi yose ku neza y'uwundi gushika mbere no kwitangira abandi.

Ukwiyumvira nk'abantu ni ukujana n'isi. Bigashikana kuguhurumbira amaronko n'amateka. Gushengerera Yezu m'Ukaristiya birabohora, tugahamagarirwa kumukurikira aho hose agomba kudushikana.

• Ugutambuka ukurikira Yezu:

Urugendo rw'uwakristu, ruratandukanye no kurondera amateka. Rudusaba kuva muri twebwe. Niho Ukaristiya ishikana, tukumva ko turi umubiri umwe na Kristu bamanyura abandi bakihereza».

Inyuma yiiyo nkuka ya misa Papa yaciye agenda mu gihugu ca Slovaquie igihe c'isaha y'umunani, akaba yari yitezwe gushikayo isaha y'icenda n'igice vy'umuhingamo.

Yubile y'imyaka 100 y'Umuhari wa Lejiyo ya Mariya kw'isi

Ku wa 11Nyakanga 2021 muri Paruwase yitiriwe Kristu Mwami yo ku Mushasha, Diyoseze nkuru ya Gitega, umuhari nkorabutumwa wa Lejiyo ya Mariya wari mu kanyamuneza ntangere ko guhimbaza yubile y'imyaka ijana iheze uwo muhari utanguye kw'isi .

Iyo yubile ikaba yahimbajwe ku civugo : « Yubile y'imyaka ijana ya Lejiyo ya Mariya, twiyubure, tube bashasha, mu buzima no mu butumwa ; kubwa Mariya, hamwe na Mariya, muri Mariya, dukorera Mariya ngo Imana ininahazwe ».

Ivyo birori vyari vyatewe iteka na Nyenicubahiro Musenyeri Bonaventure Nahimana umwungere wa Diyoseze ya Rutana asanzwe yakuriye muri uwo muhari. Ni nawe yahereje inkuka y'imisa yubwo bukengurutsi.

Hari kandi n'icegera c'umunyabanga w'ibiro vy'Abepisikopi bijejwe ubutumwa bw'abalayiki, ubuzima n'ingo, nyakuba hwa Patiri Savin Ndereyimana, hamwe n'abandi basaseredoti bibutsama na buyo muhari mu ma Diyoseze atandukanye n'abasaseredoti bakuriye muri uwo muhari.

Mu nyigisho umwunge re wa Diyoseze ya Rutana yatanze yatumiriye ubwa mbere abalejiyo guhimbarwa nuko bahimbaje yubile y'imyaka ijana y'umuhari wabo. Ako kanyamuneza bzogaserure mu buzima no mu butumwa bara-

ngura bwo kurwanya sekibi bari kumwe na Bikira Mariya. Ko ari ingabo zigabiye gutera, barwanye inabi yabaye ndanse muri kino gihe, maze ubwami bwa Yezu buganze mu mitima ya benshi.

Ubwa kabiri yatumiriye abalejiyo ba Mariya gukenguruka kuko uwo muhari ari ingabirano Mutima mweranda yagabiye Ekleziya aciye ku mushingantahe Frank Douf.

Bagakenguruka kandi ko uwo muhari waki riwe neza mu Burundi ukamera nkakabuto gaterwa hanyuma kakama ivyamwa vyinshi.

Ubu kengurutsi bushin giye k'ubutumwa bwanguwe bugakiza imitima myinshi.

Gukenguruka kandi kuba rera umuhari wa lejiyo ya Mariya uhamagarira abari muri wo kurondera ubweranda bigana ingeso nziza za Bikira Mariya canecane uguca bugufi n'ukwemera gukomeye mu kurangura ubutumwa n'umwete badasuha ngo bari kumwe na Bikira Mariya bamene umutwe wa ya nzoka.

Yaheraheje inyigisho asaba abalejiyo bose kwama na urukundo rukomeye, rwitangira abandi kuko urukundo bazogira ari rwo ruzoranga hose ko ari abigishwa ba Yezu Kristu.

Abasaba kandi nkoko u watanguje umuhari mu



Abarejiyo ba Bikira Mariya bari bitavye urwo rubanza

Burundi nyakubahwa Patiri Achille Denis yabibasavye mw'iragi yaba sigaranye ; ko bokwishi kana kuri Yezu Kristu baciye kuri Bikira Mariya nkoko tuyigishwa na Ludovi-ko Mariya w'i Montfort mweranda, kugira ivyo bakora vyose babikore kubwa Mariya, muri Mariya , hamwe na Mariya babikorera Mariya ngo Imana ininahazwe.

Maze ubwami bw'Imana buganze mu mitima, mu ngo no mu Burundi. Barinde rugabo ibibagora maze twese tuzorokoke urugamba turimwo atanumwe dutakaje ngo tuzohurire twese mu kanyamuneza ku bwami bw'ijuru imyaka idahera.

Umuhari wa lejiyo ya Mariya uteye ute ?

Uwurongoye lejiyo ya Mariya mw'ijambo yashikirije ati: « Umuhari wa Lejiyo ya Mariya watanguriye i Dublin muri Irlande ku wa 7 Nyakanga 1921, utangujwe n'umushingantahe Frank Douf yakora mu bushikiranganji bw'iki geg ca Reta muri ico gi-

hugu. Mu Burundi naho, ukaba watanguriye i Mugera mu 1954.

Uwo muhari ukaba ushaka ko Imana ininahazwa, abari muri wo nabo bakaba beranda. Kugira ivyo bishoboke, abalejiyo bifashisha igisabisho n'ukuyobokera abarongo ye Ekleziya kugira ngo ubutumwa bwa Bikira Mariya buranguke. Ubwo butumwa nabwo si ubundi ni ukumena umutwe shetani be no gukwiza hose ubwami bw'Imana , ubwami bwa Kristu.

Na Nyakubahwa patiri Simoni Nzirabarya umwibutsamana w'umuhari ku rwego rw'igihu gu yarashikirije ijambo akengurukira Nyenicubahiro umwungere wa Diyoseze ya Rutana yabateye iteka hamwe n'abasaseredoti n'abari aho bose baje kubafasha gutera impundu.

Inyuma y'inkuka ya misa, urwo rubanza rwabanda nirije mu nyubakwa za « Centre Magnificat » mu muryango w'Incoreke za Bikira Mariya.

Twemere akabi twakoze, dusabane ikigongwe kandi turekuriranire.

Biramaze kuba nk'akamenyero aho uko umwaka utashe muri Diyoseze ya Ruyigi, bategura kandi bagahimbaza isabukuru y'ubutungane n'amahoro ku rwego rwa Diyoseze. Uyu mwaka ukaba ubaye uwugira 17 kuva mu 2005. Diyoseze ihmibaje iyo sabukuru ishimikiye ku kurekuriranira n'ugusubiza hamwe ufatiye ku mabi yagije arashikira igihugu cacu muri kahise.

Iyo sabukuru yahimba jwe kuw'Imana igeneke-rezo rya 5/9/2021 muri Paruwase ya Rusengo iri mu ntara y'ubutumwa ya Buyogoma.

Imbere y'uko iyo sabuku-ru ihmibazwa, ibikorwa vyinshivy'imyitegurovya-ratunganajwe n'Igisata



c'Ubutungane n'Amahoro muri Diyoseze. Aha twovuga nk'inyigisho zari zigenewe abakozweko n'amabi yo mu ntambara mu ntumbero yo kuba-fasha kuvugana ukuri ngo bashike ku ntambwe y'ukurekuriranira n'ugusubiza hamwe, ukwumvirizanya umutima w'impu-hwe abakozweko n'amabi yo mu ntambara ngo ba-bafshe kuremurukwa

ku mutima bongere ba-sabe canke batange iki-gongwe, n'ibindi n'ibindi.

Muri Paruwase ya Ru-sengo ahabereye iyo sa-bukuru, naho nyene harabaye ibikorwa vyo kwitegura nko kuge-ndera ibisata bahimiriza ibijanye n'yo sabukuru, ukubonesha ahasanzwe hari ibinogo vyatawe-mwo abantu ikivunga mu

ntambara kugira bahu-bahe bongere basabire abahatawe bose.

Iyo sabukuru yahimba-jwe ku civugo kivuga git: « Dukomejwe na Mutima Mweranda, twe-mere akabi twakoze, dusabane ikigongwe kandi turekuriranire. »

Ibirori nyezina vy'uwo musi, vyatangujwe n'u-guhezagira umusalaba, ikimenyetso c'ukwemera kwacu.

Umwungere yamenye-sheje ko mu guhezagira umusalaba, dusaba Umukama wacu Yezu Kristu yawubambweko ngo adufashe kuvavanura n'akabi kabishe

Ibik. ku rup. 12

Evarisito Ndayishimiye, Umukuru w'igihugu c'Uburundi, ni umugenzi w'urwaruka (Ibikurikira)

Mu numero iheruka ya 751, twarabaganiriye ikiyago Umukuru w'igihugu c'Uburundi, Evariste Ndayishimiye yagiriraniye n'urwaruka rwo mu gisagara ca Burjumbura. Ubu naho tu-garuka ku ntahe zimwe zimwe urwo rwaruka rwashinze ku bijanye no kwiteza imbere.

Ikiganiro c'ubo musi cari mu bice bitatu: Umukuru w'igihugu yabanje guhimiriza urwaruka ngo ntirusamare, ntirugishe akaryo rufise ko gukamisha ivyiza Imana yat-tatse igihugu cacu. Igice ca kabiri cari cerekeranya n'intahé urwaruka

rushinga mukuyagira a-bandiaho rugejeje ikivi. Mu gice ca gatatu c'ikiga-niro, Umukuru w'igihugu cacu yakeje urwaruka ru-maze gutera intambwe, yongera abemerera kuzo-kwama ashira imbere imigambi n'imigabo itu-ma ivyipfuzo vy'urwaruka bironka inyishu.

Ibikorwa vyo kwiteza imbere ntivyama vyo-roshe.

Fabrice Ndayishimiye arongoye urunani rw'u-rwaruka rwo mu Kinama (Cooperative Sa-ngwe Kinama) yashinze intahé ingene « Ibikorwa vy'ukwiteza imbere



Rumwe mu rwaruka rwariko rutega amatwi impanuro z'umukuru w'igihugu c'Uburundi mu bijanye n'imigambi y'iterambere r'urwaruka

bitama vyoroshe». Ati: «Igihe hatanguye kuvugwa ibijanye n'ukwiyunga kw'urwaruka mu ntumbero yo kwironderera akazi, ahanje nariruhukije kuko nabibonamwo akaryo ko gutera imbere. Ngiye hamwe n'abandi bakeyi, twaratamyeko

inama y'urwaruka rwo mu Kinama. Tumaze gu-hamagaza inama barita-vye mbere ku bwinshi.

Ariko tumaze kubabwira uko umugambi wubatse, tukabamenyesha ko biri ngombwa ko dushira

Ibik. ku rup. 6

Evarisito Ndayishimiye, Umukuru w'igihugu c'Uburundi, ni umugenzi w'urwaruka

(Bitangurira ku rup.5)

amafaranga hamwe umwe wese ico ashoboye kuronka hanyuma tugarera hamwe ibikorwa vy'iterambere, igice ca-bari muri iyo nama baci-ye bataha.»

Fabrice Ndayishimiye abandanya avuga ko yabajije abo bariko barsohoka igituma baciye basohoka. Ngo bamwihuye bat: «Twari tuzi ko tuje kwakira amahera, none waduhamagaye ngo uyaturonderemwo ». Fabrice aremeza ko ivyo biri mubimugaje urwaruka rwinshi: Gushaka kurya ivyo batabiriye akuya.

Uwo musi ngo yarabandaniye inama kumwe na bakiyi bari basigaye. Mugabo ngo nabo nyene, inama ikurikira ntibayitavye bose. Ariko buke buke ngo yaregeranije urwaruka ruvyumva, none ubu kubera intambwe bagezeko hari abatanguye kuza kumusaba ngo binjire mw'ishirahamwe ryiwe. Ngo gutanguza ibikorwa vyo kwiteza imbere bisaba kugira imbono irashe ya kazozakandi ukayumako (Une bonne vision).

«Nta gikorwa naki-mwe kibi kiretse ikitinjiza amahera»

Ayo majambo yuko ata gikorwa kibi kibaho kiretse ikitinjiza amahera ni yo Laurette Tetero, umwigeme akiri muto avuka mu gisagara yakoresheje mukwerekana ingene ngo ataruhera na rumwe rumucika «naho

Foto: Mélance Ndayikeze



Laurette Tetero, umwe mu bashinze intahe y'ingene bariko bariteza imbere

coba igihumbi kimwe».

Tetero yatanguriye mu muziki. Amahera yambere aboneka ngo yatanguye gukorako zari imiliyoni 25 z'amarundi yatsindiye mwihiganwa ryo kuririmba. Ico gihe ngo yari afise imyaka 19.

Nk'uko avyivugira, ngo amaze gutsinda iryo higanwa, akora ku mafaranga agana gurtuo ku myaka yari afise, ngo nticari ikintu coroshe : «Mu mutwe harajeyo ibantu vyinshi vyo gukora, abagenzi baravuga amajambo menshi, ntivyari vyo roshe».

Muri ivyo vyiyumviro n'amajambo menshi yabwirwa, Laurette ngo yahavuye ahitamwo kubandanya umuziki kuko ariwo yari yaronkeye agashimwe. Hambavu y-uwo muziki kandi ngo

akora neza nk'uko yabi-vuze imbere y'umukuru w'igihugu, Laurette ngo amahera yose uko aba aje kwose arayaca.

dukanye. Niho ngo haza iciyumviro c'uko ivyo bikono bitoza birasubira inyuma bigaragara.

Janvier amaze kugira ico ciyumviro, yagisangije umugenzi wiwe aba mu mahanga, nawe aragishima aca amusaba gute-gura umugambi neza bazohore bashora ifu y'ubududu hanze y'igihugu. Uwo muntu amaze kubwira Janvier ubududu bwoshorwa ingene bumeze, Janvier ngo yaciye atangura kuburondera.

Kuva mu kwezi kwa Kigarama 2020 uwo mugambi bawutanguye, ngo bamaze gushora ibikono (Contenaires) bitatu, amahera nayo ngo barameze kwinjiza amadolari y'abanyamerika-bihumbi 80.

Ku bwa Janvier Nsengiyumva, ngo naho uwo mwimbu atari mwiza cane mu kiringo kingana girtyo, ngo aravyishimira kuko asa n'uwanmaza kumenyera ivyo bikorwa.

Ngo nico gituma afise n'umugambi wo gushora inyama mu gisagara ca Dar es Salam muri Tanzania. Ivyo navyo Umukuru w'igihugu Evarisito Ndayishimiye akaba yarabimushimiye cane mu kuvuga ko igihugu kidatezwa imbere n'abarangura ibantu hanze bavyinjiza mu gi-hugu, ahubwo gitezwa imbere n'abashora ibantu vyo mu Burundi bikajabuka imbibe amafaranga akinjira.



Nsengiyumva Janvier

Mélance NDAYIKEZE

Gukingira ibidukikije ni igikorwa c'Umurundi wese

Ku wa 18 Nyakanga 2021, abenegihugu bo mu bumanuko bw'igisagara ca Bujumbura begereye uruzi Kanyosha, bako-reye ibikorwa rusangi ku nkengera z'urwo ruzi. Ivyo bikorwa vyari vytabwe n'intumwa z'umukuru w'igisagara ca Bujumbura, abayobozi bo mu bushikiranganji bw'uburimyi, ubwoborozi n'ibidukikije n'abenegihugu bari mu mashirahamwe atandukanye.

Ihangiro ry'ivyo bikorwa kwari uguisura urwo ruzi, ariko kandi hakaba harimwo no gukingira ibidukikije mu gusobanura neza imicafu, imw'i-mwe yose igatabwa mu kibanza cayigenewe, iyishobora guhingurwamwo ibindi bintu nayo igahingurwa. Ivyo vyose ngo bikorwa kugira ngo du kingire isi yacu ari nayo iduhaye indaro.

Nkunzimana Jeanne Francine, umuyobozi ajejwe ibidukikije mu buyobozi bukuru bw'ibidukikije, gutunganya amazi n'isuku mu bushikiranganji bw'ibidukikije, uburimyi n'ubworozi asigura ko iyo imicafu itawe mu kajagari, iyibora n'iyitabora bicangacanganye, ica iba



Foto : Mélance Ndayikeze



Aho ni ku ruzi Kanyosha aharanguriwe ibikorwa rusangi kuri uyu wa gatandatu igenekerezo rya 18 Nyakanga 2021

myinshi cane, aho ishi-rwa naho hakuzura.

Kubwa Jeanne Francine, ngo ni naco kiriko kiratera ingorane mu kibanza c'iyegeranirizo ry'imicafu kiri muri zone Buterere. Mu gihe ico kibanza gisa n'icamaze kuzura, uwo muyobozi asigura ko imicafu yongerekanye cane kubera abantu baza kuba mu gisagara baguma bongerekana. Ikindi kibituma ngo ni uko guta imicafu ku buryo butabereye, gurtyo n'aboyihinguye ntibasubire kworohherwa, iyibora nayo ntibe ikibora.

Kuri uwo musi, hari urwaruka ruri mu mashi-raha-mwe yo guhingura umucafu rwari rwaje kwerekana no gusigura ibikorwa vyarwo.

Kaze Green Economy (KAGE), rimwe mu mashirahamwe arwanira ibidukikije, ni ishirahamwe ryihaye ihangiro ryo guteza imbere ubutunzi budahungabanya ibidukikije mu guha agaciro ivyo abandi bataye.

Itangivyiza Yves ajejwe

ibikorwa muri KAGE avuga ko iryo shirahamwe ryabo rihingura amakara mu micafu ibora igizwe n'imicafu yo mu nzu, ivyatsi, ibipapuro, ibisigarira vy'ibiterwa n'ibindi. Ngo babihinguramwo amakara meza cane, gurtyo mu gihe hokwiciwe ibiti ngo bije gucanwa hagaca hacanwa ayo makara.

bakavangura imicafu ibora n'iyitabora, kugira ngo abo bayihingura nabo bo-roherwe.

Mu gihe imicafu iguma irwirirana mu gisagara ca Bujumbura, abari muri iryo shirahamwe ngo barizigye ko intererano yabo ari kirumara kuko ngo bafise ubushobozi bwo guhingura amatoni 24 y'amakara



Abo ni bamwe mu bakozi ba Kaze Green Economy bariko berekana ivyo bahingura mu micafu bigizwe n'amakara n'imbabura

Barahingura kandi n'imbabura nziza ku buryo ayo makara bahingura ashobora gucanwa bitagoranye.

Yves Itangivyiza asaba ko abantu bohindura i-ingendo mu buryo bwiza bwo kwegeranya imicafu,

ku musi avuye muri iyo micafu. Nkunzimana Jeanne Francine aremeza ko ivyo urwo rwaruka rukora ari ngira kamaro cane, mbere ararutera i-ntege ngo rushirizeho mu migambi nk'ijo.



Foto : Mélance Ndayikeze

Tugwanye urudandazwa n'isinzikazwa rya kiremwa-muntu



Intahe igira munani:

Nitwa CHRISTINE mfise imyaka 10

Umunsi umwe, umubanyi yaraje iwacu abaza abavyeyi banje ko bashaka kundungika mu gihugu ca Tanzaniya gukora akazi ko mu nzu kugira nironkere amafaranga. Abavyeyi banje baravyanse ariko jewe ndavyemera.

Nashaka kuronka amafaranga mu gihe c'ikiruhuko co mu ci. Nifatiye ingingo yo kuva muhira atawe ndabimenesheje.

Najanye n'umubanyi hamwe n'abandi bana bari.

Maze gushika mu gihu-gu ca Tanzaniya, nashikirijwe uwundi muntu, anjana mu rugo rw'umugore - umukoresha wanje mushasha.

Bambwiye ko nzohe-mbwa 20.000 TZS, kandi ko nzoshika no kuri 40.000 TZS ndamutse nkoze neza.

Nasabwe gukora ibikorwa nko guteka, gusukura no kurera mwana muto w' uwo mugore.

Kuwa 25 Mukakaro wari umunsi mpuzamakungu wahariwe ukugwanya idandazwa n'isinzikazwa rya kiremwa-muntu. Mu ntumbero yo gutuza ako kabi kabishe, Ishirahamwe mpuzamakungu riraba abimukira ryari ryatunganije ikiganiro n'abamenyeshamakuru kugirango bashikirize aho bateje igikorwa co kugwanya idandazwa n'isinzikazwa rya kiremwa-muntu mu Burundi no mu makungu. Ariko impinga iracari ndende.

Isomere namwe ayo makuba yashikiye abo bene Burundi

Akensi sinafungura, sinemererwa gukina n'abandi bana, kuruhuka canke kuja gutembera.

Umunsi umwe, nari nte-tse ibiharage umukoresha wanje atashe abona ko nashize amazi menshi mu nkono.

Yarashavuye arankankamira cane. Nagerageje gusaba imbabazi ariko ambwira ko ampaye igihano co kunywa ayo mazi ariko arabira.

Ndamubwiye ko ivyo ntoshobora kubikora, yaciye akuramwo ibiharage aنسسакو amazi ashushe. Nakoze amezi 4 ntah-

mbwa, hanyuma nimurirwaku wundi mukoresha aho naho ndahakorera amezi umunani nkora nka bimwe nakora kuwa mbere.

Ndashaka gutaha iwacu, hoho nararonka imfingurwa n'amazi, naraja kwishule kandi narakinna n'abagenzi banje.

Umugenzi umwe yabwiye ivyanje ishirahamwe risanzwe rifasha abantu nkanje, none bazomfasha gutaha.



Intahe igira icenda:

Nitwa BELLA mfise imyaka 11

Data ni imborerwa. Yari afise akamenyero ko kuzana muhira abagore n'abigeme bagakorera ho imibonano mpuzabitsina imbere yanje, barumunanje na Mawe.

Munyuma yarirukanye Mawe uno nawe aca aja mu gihugu ca Tanzaniya. Nagumanye mu Burundi na sogokuru kugeza umunsi mawe yagarukiye kuntora akanjana mu gihugu ca Tanzaniya.

Umugabo umwe yege-reye mawe amusaba ko yondungika ku kazi ko mu nzu mu kindi gisagara. Nawe aravyemera.

Nakoze amezi 3 ntahembwa, umukoresha wanje

akanyizeza ko ayo nako-reye yose yayarungikiye mawe. Nibaza ko atari vyo. Sinemerewe kuva mu rugo canke gukina n'abandi bana.

Ishirahamwe ry'abagira-

neza muri ako gace ryari ryateguye ibikorwa vyo guhimiriza abantu ku-vuga ibijanye n'igurishwa ry'abantu. Ndahaserutse, bansobanuriye ko nako-reshejwe kandi ko ata mafaranga yarungitswe kwa mawe. Barashoboye kwumvisha umukoresha wanje ko abwirizwa kundiha ayo nakoreye.

Mfashijwe n'iryo shirahamwe, barandonkeye uburaro bw'agateganyo. Ndashaka kuja kubana na nyogokuru kuko mfise ubwoba ko mawe yosubira kundungika ku kazi.

Biracaza
Patiri Noeli Ntirandekura

Duhaguruke tugwanye akarenganyo, duharanire amahoro arama

Ku wa 21 Nyakanga uko umwaka utashe, Uburundi burifadikanya n'i-si yose mu guhimbaza umusi mpuzamakungu wahariwe amahoro. Uno mwaka w'2021, uwo musi mukuru wahimbarijwe ku murwa mukuru w'intara ya Muramvya, utewe iteka na Prosper Bazombanza, icegera c'u-mukuru w'igihugu c'Uburundi.

Amahoro ni karahara mu ruganda ntibacura

Mw'ijambo ryo kwakira abashitsi, Diomède Nzambimana, Buramatari w'intara ya Muramvya, yibukije abari ngaho bose ko «Amahoro ari karahara mu ruganda ntibacure». Ati: «Amahoro ni yo soko n'intango y'iterambere. Ahatari amahoro, imirimmo irahagarara, inzara igakurikira.»

Buramatari w'iyo ntara yabandaniye avuga ko i Muramvya abenegihu babanye mu mahoro ntangere, umwumvikano ni wose hagati y'abadasa-njiye imigambwe, abadasangiye amadini, kandi ikibano ni ciza kuri bose.



Diomède Nzambimana, Buramatari w'intara ya Muramvya



Prosper Bazombanza, icegera c'umukuru w'igihugu, ariko aherezza igikombe umurwi warushije uwundi mu rukino rw'umupira w'amaguru

Nk'ikimenyetso c'amahoro n'umutekano, uwo musi harakinye urukino rw'umupira w'amaguru rwahuje urwaruka ruri mu migambwe itandukanye yemewe n'amategeko iri mu ntara ya Muramvya.

Buramatari wa Muramvya ati: «Urukino rw'umupira w'amaguru co kimwe n'izindi nkino zose, rwayme ari ikimenyetso c'amahoro. Nico gituma natwe twategekanije urukino, rukaza guhuza abanyamigambwe bantundukanye, ikimenyetso c'uko basanzwe banywanye kandi babanye mu maharo.»

Ikiza Colona Virus kiranze isi

Pacome Kossy aserukira amashirahamwe ahuri-kiye mu nama nk'uru y'ibihugu vyunze ubumwe (Nations Unies) yamenyesheje ko ko ihmibazwa ry'umusi mpuzamakungu wahariwe amahoro uno mwaka ribaye isi yose yugarijwe n'ikiza ruhonyanganda Colona Virus.

Kossy yamenyesheje ko ico kiza kiriko kirabisonga, mu gihe hari hasanzwe hibonekeza ubusu-

mbasumbane bw'abantu muvy'ubutunzi n'ibindi.

Pacome Kossy aremeza ko nahoh ibigoye bitabuze, «amahoro atari indoto. Ni umuco w'amakungu». Ivyo ngo abivuga yishimikije intahe z'ibihugu vyinshi aho amahoro asasagaye inyuma y'imishamirano n'intambara z'ubwoko bwinshi. Ati: «Uko biri kwose, amahoro arakenewe vyanka vyakunda».

Aho amahoro ari, ite-rambere rirashoboka

Kuri uwo musi udasanlwae wahariwe amahoro kw'isi, abanyacubahir bose bafahie amajambo bagumye bagaruka ku kamaro k'amahoro, ingene twoyaharanira n'ingene twoyatsimbataza.

Imelde Sabushimike, Umushikiranganji wo Gu-shigikirana, Imibano, Agateka ka Zina muntu n'Iterambere ridakumira yamenyesheje ko icivugo c'uwo musi ku rwego rw'igihugu mu 2021 ari: « Duhaguruke turwanye akarenganyo duharanire amahoro arama».

Nk'uko uwo mushiki-ranganji abandanya abi-

sigura, ngo ico civugo gihamagarari umurundi wese guharanira amahoro n'umutekano yo soko ry'iterambere. Ati: «Aho amahoro ariiterambere rirashoboka.»

Ugushigikira no gutsimbataza amahoro, ni naco cashikirije n'icegera c'umukuru w'igihugu c'Uburundi. Mw'ijambo ryiwe, Prosper Bazombanza yasavye ko inzego zose z'igihugu zokora i-bishoboka vyose ngo barwanye akarenganyo.



Yerekeje ku rwego ruje-jwe ubutungane, Prosper Bazombanza yabasavye abacamanza kwisunga uburenganzira bahabwa n'amategeko, bace imanza ata nkunzi, birinde igiturire uko coba kije kwose.

Mu gihe uwo musi mpuzamakungu wahariwe amahoro washitse haraye hatewe amagrenades mu gisagara ca Bujumbura, abafashe a-majambo bose barateye ivyatsi iyo nyifato igayitse, aho hakiri abarundi bakirangwa n'agatima ko gusoesa amaraso y'inzirakarengane.

Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru

abantu bose barangana imbere y'amategeko kandi bategerezwa kubahiri-zwa co kimwe. Umuntu wese arafise uburenganzira bwo gukingirwa yaba umwana canke uwukuze. Nico gituma abageze mu zabukuru nabo nyene bategerezwa kwitabwaho n'ugukingirwa.

Kw'igenekerezo rya 01 gitugutu uko umwaka utashe, amakungu arahimbaza umusi mukuru wahariwe abageze mu zabukuru.

Uwo munsi washinzwe n'ishirahamwe mpuzamakungu ONU kw'igenekerezo rya 14 kigarama 1990.

Iryo shirahamwe kandi rirategekanya ivyiyumviro ngenderwako kugira abageze mu zabukuru bagume bubahirijwe mu gateka kabo kandi baki-ningiwe.

Ighugu cacu na co nyene ntigisigara inyuma mw'ihimbazwa ry'uwo munsi. Muri uyu mwaka wa 2021, Uburundi bwa-himbaje uwo munsi ku civugo kivuga kiti "Tuje hamwe twese mu kwi-taho amagara y'abageze mu zabukuru".

Uwo munsi, bitegekani-jwe ko uhimbazwa kuri uyu wa gatanu mu ntara ya Gitega aho abageze mu zabukuru 500 bitegekani-jwe ko baronwa ibi-fungurwa n'ibindi bikorresho.

Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru bu-



Anafoto yo mu bubiko

Aba ni bamwe mu batamakazi bageze mu zabukuru, basanzwe bafashwa n'ikigo c'Ababikira Bene Umukama, bari muri Kartiye Rohero

rategekanijwe mu mategeko mpuzamakungu no mu mategeko y'Ighugu c'Uburundi.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu ategekanya ubwo burenganzira

Nta tegeko ririho ku rwego mpuzamakungu ryerekeye abageze mu zabukuru bonyene ku buryo bwihariwe, ariko mu mategeko atandukanye turasangamwo i-ningo zibubahiriza mu gateka kabo.

Muri ayo mategeko mpuzamakungu, tuja kwisunga ibiri mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ha-mwe n'ibiri mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihu-

Ingingo ya 25 yo mw'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ivuga ko umuntu wese ategerezwa kuronka ibikwiye bimufasha kubungabunga amagara yiwe n'ay'umuryango, mu ngaburo, mu vyambawra, mu buraro, mu kwi-vuza n'ibindi nkenerwa

ku muntu ; ategerezwa kubungabungwa mu gihe atagira akazi, arwaye, amugaye, apfakaye, no bindi bihe atagishobora gukora kubera ubusaza, n'ibindi bihe atagishobora kwitunga kandi bitamuturutseko.

Iyi ngingo irerekana ko abageze mu zabukuru nabo nyene bafise uburenganzira bwo kubaho neza ariyo mpamvu bategerezwa kubungabungwa kubera baba batagifise inguvu ngo bashobore gukora bibesheho.

Ingingo ya 18 yo mu masezerano ya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'ak'abenegihu- gu ivuga, mu gace kayoka 4, ko abageze mu zabukuru n'abagendana ubumuga nabo nyene bafise uburenganzira bwo kwitabwaho no gukingirwa mu vyerekeye amagara yabo no mu buntu bwabo.

Nk'uko duhejeje kubibona, amategeko mpuzamakungu arategekanya uburenganzira bw'abageze mu zabukuru. N'amategeko y'Ighugu c'Uburundi nayo nyene

arategekanya gukingira abageze mu zabukuru.

2. Ingene amategeko y'Ighugu c'Uburundi ategekanya ubwo burenganzira

Nkuko twavuze ko ata tegeko ryerekeye abageze mu zabukuru bonyene rihari ku rwego mpuzamakungu, no ku rwego rw'Ighugu ntari-riho ariko mu mategeko y'Ighugu guhera mw'Ibwirizwa Shingiro harimwo ingingo ziki-ngira kandi zubahiriza abageze mu zabukuru.

Mu mategeko y'Ighugu c'Uburundi, tuja kwisunga ibiri:

* mw'Ibwirizwa Shingiro,

* mw'Itegeko n°1/06 ryo ku wa 22 nyakanga 2003 rigenga itunganywa ry'amabohero mu Burundi,

* mw'Itegeko n° 1/12 ryo ku wa 12 rusama 2020 ryerekeye gutegekaniriza kazoza abenegihu-

* hamwe n'ibiri mu gitabu c'amategeko mpanavyaha.

Ingingo ya 19 yo mw'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko amateka n'ibitegekani-jwe vyatangajwe bigakingirwa n'amasezerano y'isi yose yerekeye agateka ka zina muntu Uburundi bwemeje biri mu bigize iri bwirizwa Shingiro.

Uburenganzira bw'abageze mu zabukuru

(Bitangurira ku rup.10)

Bisigura ko iyi ngingo ya 19 igira ayo masezerano mpuzamakungu amategeko y'igihugu.

Ingingo ya 22 ivuga ko abenegihugu bose bangana imbere y'amategeko kandi akabakingira kumwe.

Nta muntu n'umwe a-shobora gukumirwa:

- * kubera amamuko yiwe,
- * ibara ry'urukoba rwiwe,
- * ubwoko bwiwe,
- * igitsina ciwe,
- * ururimi avuga,
- * uko abayeho mu gihu-gu,
- * idini ryiwe,
- * iviyiumviro nyamukuru vyiwe ku vyerekeye ubuzima canke intwarz y'igihugu
- * canke kubera ubumuga canke kuberako afise umugera w'indwara ya SIDA canke iyindi ndwara iyo ariyo yose idakira.

Nta gukumirwa kurekuwe ngo n'uko umuntu ageze mu zabukuru.

Ingingo ya 5 yo mw'i-tegeko n° 1/12 ryo ku wa 12 rusama 2020 ryerekeye gutegekaniriza kazozza n'ugukingira abenegehihugu ivuga ko umuntu wese ategerezwa kuronka ibikwiye bimufasha kubungabunga amagara yiwe n'ay'umuryango wiwe, mu ngaburo, mu vymbarwa no mu buraro bubereye.

Iyi ngingo ibandanya ivuga ko umuntu wese

afise uburenganzira bwo kuvuzwa igithe agwaye, igithe yahuye n'impanuka ikamuviramwo ubumuga, igithe ari umupfakazi, ageze mu zabukuru canke igithe cose atagifise ubushobozi bwo kwibes-haho kandi vyatewe n'i-mpamvu itamuvuyeko.

Ingingo ya 44 yo mw'I-tegeko n°1/06 ryo ku wa 22 nyakanga 2003 rigenga itunganywa ry'a-mabohero mu Burundi ivuga ko hariho imirwi y'abantu iyo bapfunzwe bategerezwa gukingirwa gusumvya abandi kubera ari imfatwahato.

Abo nabo n'abakenyezi, imiyabaga, abana bakiri bato bonka bapfunganywe na ba nyina wabo, abageze mu zabukuru n'abafise ubumuga bwo mu mutwe.

Ingingo ya 50 ivuga ko abapfunzwe bageze mu zabukuru bafise imyaka 70 bakwije ibisabwan'uko ingingo y'129 y'igitabu mpanavyaha ibitegekanya, barekurwa ivy'agateganyo naho uwahanywe aba atarangiza igihano.

Umuntu naho aba apfuzzwe agumana uburenganzira bwo kugira amagara meza.

Umupfungwa ageze mu zabukuru iyo bigaragaye ko amagara yiwe atifashe neza umuganga ategerezwa kumukurikirana kugira amagara yiwe ntasinzikare.

Ingingo ya 51 nayo ivuga

ko abageze mu zabukuru bapfunzwe bategerezwa gukurikiranwa n'umu-ganga babinonosoye.

Mu ntumbero yo kwitaho abenegihugu bose muri rusangi n'abageze mu zabukuru badasigaye i-nyuma, Reta y'Uburundi yarashize mu migambi yayo uwo gukingira abenegihugu guhera mu mwaka w'2011 ari nayo mpamvu hashinzwe umurwi w'igihugu ujejwe gutegekaniriza kazozza abenegihugu.

Tubamenyeshe ko uwo murwi urongowe na Nye-n'icubahiro Umukuru w'I-gihugu ukaba washizwe-ho n'Itegeko n°100/237 ryo ku wa 22 myandagarao 2012 rishiraho, rikanategekanya ibikorwa vyawo.

Naho abageze mu zabukuru bari mu mirwi y'imfatwahato ikenewe gukingirwa gusumvya abandi, iyo bakoze ivyaha ntibisigurako badahnawa ariko bahanwa hisunzwe imyaka yabo.

Ingingo y'129 yo mu gitabu c'amategeko mpanavyaha ivuga ko abahanywe bakaba bategerezwa gukurikiza igihano canke ibihano harimwo ugupfungwa barashobora gufugurwa ivy'agateganyo batararangiza ivyo bihano mu gihe bamaze mu munyororo ikiringo kirenza amezi atatu.

Abaciriwe umunyororo wo gupfungwa ubuzima bwabo bwose barashobora kurekurwa ivy'agate-

ganyo mu gihe bamaze gupfungwa ikiringo kirenza imyaka icumi.

Ikiringo co gupfungwa gitegekanijwe n'utwo turongo tubiri twanyuma tw'iyi ngingo kirashobora kugabanywa mu gihe uwahanywe afise imyaka mirongo irindwi y'amavuka canke mu gihe vymejwe n'abaganga batatu babahinga ko igumizwa mu mu nyororo ryiwe rishobora gushira ubuzima bwiwe mu kaga.

Iyi ngingo irerekana neza ko naho umuntu abayakoze icaha aguma yubahirizwa mu gateka kiwe.

Mu gusozerwa, twagira twibukanye ko abageze mu zabukuru bari mu mirwi y'imfatwahato ikenewe kwitabwaho n'ugukingirwa gusumvya iyindi kandi n'Igihugu cacu naco kitasigaye inyuma mu kwubahiriza abageze mu zabukuru.

Ariko naho bimeze gurtwo, abageze mu zabukuru ntiboca bijajara ngo bakore ibinyuranye n'amategeko kuko uwagiriwe n'icaha arahanwa hisunzwe igitabu c'amategeko mpanavyaha y'Uburundi.

Twemere akabi twakoze, turekuriranire kandi dusabane ikigongwe

(Bitangurira ku rup.5)

kahindanije imitima yabantu, yongere adufashe gusabana ikigongwe n'ukurekuriranira. Uwo musalaba ni wo waciye urongora urugendo rw'amahoro rwagenda rugana kw'isengero ya Paruwase Rusengo aho bawushinze nk'icibutso c'yo sabukuru.

Imbere y'uko Inkuka y'Imisa itangura, habanje guhezagirwa imva igizwe n'ikinogo catawemwo abantu barenga 300 biciwe mw'isengero mu rwimo rwo mu 1993.

Inkuka y'Imisa imaze gutangura, Patiri mukuru yarafashe ijambo arakira abashitsi anabipfuriza kuroranirwa no gusubira inyuma bahakuye icirwa co kurekuriranira no gusubiza hamwe. Iryo jambu ryakurikiwe n'umugirwa wo gushinga intahe zo kurekuriranira n'ugusubiza hamwe.

Intahe ya mbere yashikirijwe n'umushingantahe NTABA GANYIRWA François wo muri Pa-

Muri make, yaravuze ko bamaze kwica umukuru w'igihugu, hacieyi hatangura kuba utudumbidumbi tw'abantu dufatiye ku moko mu gihe imisozi yose yariko irasha.

Abahutu n'abatutsi baracanyemwo : yaravuze ko abatutsi bapfuye ku mutumba wa Bunogera, abahutu bahoneye ku mutumba wa Nganji-Gitwa no mu ngoro y'Imana ya Paruwase Rusengo, yiciwemwo abantu barenga amaja atatu b'abahutu.

Muri abo bahapfiriye, yaravuzeko harimwo umugore wiwe n'abana biwe batanu. Yaravuze ndetse ko na Patiri mukuru w'ico gihe batamugeze umutwe, akaba ari mu gitigiri c'abapfiriye mu Rusengo kandi imva yiwe itaramenyekana.

Uyo François yarongeye aramenyesha ko we n'abo baburiye hamwe bamaze kugira intambwe yo kurekurira ababagiriye nabi, ariko ko baki-rindiriye akajambo bo-bashikiriza ko gusaba

bagendera, bobegera bakayaga bagasubiza hamwe bakarekuriranira.

Intahe ya kabiri, yari iy'abashingantahe babiri bavukana, umwe yitwa RUMBETE Gaspard, uwundi yitwa RUMBETE Augustin, basavye iki-gongwe abasigwa b'umu-hisi MUSEGA Yohani biciye ababo.

Ruyigi yasavye ikigongwe umuryango w'umu-hisi NTAHONSIGAYE Gabriel yishe mu magume yo 1993.

Yarongeye arasaba ikigongwe umushingantahe Emmanuel SENZOYA ku ruhara yagize mw'iycwa ry'umwana wiwe, yongera arasaba Imana imbabazi kandi ku mu-



Uwo ni RUMBETE Augustin ariko arasaba ikigongwe umupfasoni wa MUSEGA Yozefu

RUMBETE Gaspard ati : « Ndagusavye ikigongwe wewe Suzanne MUSEGA kubera ko nakwiciye mama wawe Elisabeth NDENZAKO (Umupfasoni wa MUSEGA Yohanni). Kubera ko nzi ingene twari tubanye neza, kandi akaba yari nk'umu-vyeyi wanje, nahisemwo gusaba ikigo-ngwe kuko ndaboshwe ku mutima kandi ndarushe cane».

RUMBETE Augustin na-we yasavye ikigongwe umupfasoni wa MUSEGA Yozefu, agira ati : "Naragupfakaje ntavyi-pfuza kubera shetani yari yateye mu bantu, ngirira ikigongwe dusubire tubane neza nka mbere ».

Intahe ya gatatu yari iya Nestor NAHINDAVYI wo muri Paruwase

ntu atashoboye kumenya yahohosheje asanze aho yicaye ari ikiruruma.

Ariko n'aho bimeze uko, arafise abo yakijije bamushingiye intahe kandi bamukengurukiye.

Icashimishije abari naga-bose, ni uko abasabwe ikigongwe bose bagitanze ku mugarararo bongera basaba abagihawe kubera akarorero abandi mu kwigisha gusa-ba ikigongwe.

Abasavye n'abatanze iki-gongwe, Umwungere yarabahbezagiye hanyuma indirimbo zo gukenguru-kira Imana zirasirana.



Uwo nii RUMBETE Gaspard ariko asaba ikigongwe Suzanne MUSEGA kubera ko yakwiciye mama wawe Elisabeth NDENZAKO

ruwase Rusengo nyene aho yiganje ivyo yabonye mu mwaka w'1993.

ikigongwe.

Ariko aripfuza ko umusi Mutima Mweranda yo-